



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ETAP III POU NOUVO PWOGRAM ENTÈNÈT A GWO VITÈS NAN NEW YORK KI ANPREMYE NAN NASYON AN POU POTE ENTÈNÈT A GWO VITÈS BAY TOUT MOUN NEW YORK

341 Milyon Dola Investisman Etap III Ap Founi Dènye Etap Finansman Pou Asire Aksè a Entènèt a Gwo Vitès Pou Tout Moun New York

Gras Ak Pwogrè yo te Reyalize nan Premye ak Dezyèm Etap, Twazyèm Etap la pral Ofri 122,000 Kay ak Lokal Nan New York Aksè a Entènèt a Gwo Vitès

Finansman Rejyonal pou Twazyèm Etap ak Investisman Disponib [Isit La](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Etap III pwogram ki anpremye nan nasyon pou Entènèt a Gwo Vitès nan New York (New NY Broadband Program) - ki ofri dènye etap nan finansman pou asire aksè a entènèt a gwo vitès bay tout moun New York. 209.7 milyon dola finansman Etap III pral ofri 122,285 kay, biznis ak enstitisyon kominote atravè eta a aksè a entènèt a gwo vitès, ki ap ogmante an total plis pase 341.8 milyon dola investisman piblik/prive pou entènèt a gwo vitès. Sa reprezante twazyèm ak dènye etap nan pwogram ak reyalizasyon pwomès Gouvènè a pou li konekte tout moun New York ak entènèt a gwo vitès pou premye fwa nan istwa eta a. Depi lansman pwogram lan an 2015, Gouvènè Cuomo te garanti modènizasyon entènèt a gwo vitès pou prèske 2.42 milyon lokalite nan tout eta a. Dènye finansman sa yo atravè Etap III la nan kad Nouvo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès nan New York ap fèmen dènye espas la epi pote entènèt a gwo vitès bay tout moun New York nan tout rakwen nan eta a.

“Aksè a entènèt a gwo vitès se yon bagay ki vital pandan New York ap travay pou li bay resous ki nesèsè pou endistri fleri ak pou konpayi yo rete konpetitif nan ekonomi global 21yèm syèk lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwogram inovan sa a ap avanse vizyon nou pou konekte kominote, ankadre antreprenè ak rezidan, epi apiye inovasyon teknolojik ki avanse. Pwojè ki ekzekite atravè Nouvo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès nan New York lan konstitiye yon pa annavan enpòtan nan kreyasyon rezo enfrastrukt ki gen siyal entènèt fò ki pi solid nan tout peyi a, epi asire tout Nouyòkè yo gen bon jan sèvis entènèt disponib ki gen siyal ki fò epi ki fyab.”

Nan Etap III, 43 pwojè yo te sibvansyone pral adrese teritwa ki san sèvis yo, yo pral deplwaye apeprè 12,141 kilomèt enfrastrikti entènèt a gwo vitès, epi rezidan ak konpayi nan uit rejyon nan New York pral gen aksè a nouvo opòtinite ekonomik.

Yo te chwazi konpayi k'ap swiv sa yo pou resevwa sibvansyon nan men eta a nan kad Etap III :

Konpayi	Sibvansyon Eta	Angajman Prive ak Federal	Investisman Total	Lokalite yo adrese	Rejyon yo adrese
Armstrong Telecommunications, Inc.	\$30,353,892	\$23,819,659	\$54,173,551	9,454	Finger Lakes, Southern Tier, Western NY
Clarity Fiber Solutions	\$13,634,674	\$3,408,671	\$17,043,345	3,311	Central NY, Southern Tier
DTC Cable Inc.	\$9,190,530	\$5,091,048	\$14,281,578	1,383	Mohawk Valley, Southern Tier
Fairpoint Communications	\$3,232,659	\$833,813	\$4,066,472	407	Capital Region, Mid-Hudson
Frontier Communications	\$9,722,173	\$2,430,546	\$12,152,719	2,735	Finger Lakes, North Country, Southern Tier
Gtel Teleconnections	\$882,761	\$1,227,960	\$2,110,721	279	Capital Region
Haefele TV Inc.	\$2,927,538	\$2,223,074	\$5,150,612	1,303	Central NY, Southern Tier
Hudson Valley Wireless	\$2,002,846	\$513,199	\$2,516,045	772	Capital Region, Mohawk Valley
Hughes Network Systems, LLC	\$14,888,249	\$13,425,336	\$28,313,585	72,163	Capital Region, Central NY, Finger

					Lakes, Mid-Hudson, Mohawk Valley, North Country, Southern Tier, Western NY
Middleburgh Telephone Company (MIDTEL)	\$2,318,108	\$579,527	\$2,897,635	291	Capital Region
Mid-Hudson Data Corp.	\$4,474,125	\$1,930,751	\$6,404,876	2,438	Capital Region
Mohawk Networks, LLC	\$5,107,790	\$5,798,137	\$10,905,927	1,286	North Country
MTC Cable	\$4,877,133	\$6,367,183	\$11,244,316	1,659	Capital Region, Mid-Hudson, Mohawk Valley, Southern Tier
Otsego Electric Cooperative	\$5,739,316	\$6,501,065	\$12,240,381	1,406	Mohawk Valley
Slic Network Solutions	\$26,002,479	\$21,099,399	\$47,101,878	6,775	Capital Region, Mohawk Valley, North Country
TDS Telecom	\$918,387	\$306,129	\$1,224,516	357	North Country
Verizon Communications	\$70,706,207	\$35,936,580	\$106,642,787	15,515	Capital Region, Central NY, North Country, Southern Tier
Windstream New York	\$2,696,893	\$674,225	\$3,371,118	751	Western NY
Tout Konpayi yo	\$209,675,760	\$132,166,302	\$341,842,062	122,285	

**Sibvansyon final yo rete sijè a revizyon ak konfimasyon nan men Biwo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès la (Broadband Program Office).*

Etap III la enkli finansman pou sipòte yon teknoloji satelit avanse ki ofri vitès telechajman entènèt ki rive omwen 25 megabit pa sekonn (Mbps) bay kay ak lòt lokal nan zòn ki pi andeyò nan Rejyon Nò New York.

Nouvo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès nan New York

Lè yo te lanse Nouvo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès nan New York an 2015, 30 pousan moun New York - apeprè 2.42 milyon lokal - pa t gen aksè entènèt a gwo vitès. Mank nan kouvèti entènèt a gwo vitès sa a te plis sevè nan uit zòn nò nan Rejyon REDC yo. Kòm rezilta finansman nan kad premye Etap Pwogram lan ak lòt modènizasyon eta a te ajoute, yo te elaji aksè a entènèt a gwo vitès bay plis pase 2.2 milyon lokal, pou 97 pousan moun New York. Nan Etap II finansman yo, yo te alò elaji kouvèti bay plis pase 80,000 lokal, pou 98 pousans moun New York. Jodia a, lè yo anonse sibvansyon pou Etap III yo, pwogram lan akonpli misyon li pou fè entènèt a gwo vitès disponib nan tout eta - li ofri finansman pou dènye etap la pou li asire tout moun New York gen aksè a entènèt a gwo vitès apati fen 2018.

Pwogram lan te etabli yon objektif pou li reyalize aksè nan tout eta a vitès telechajman entènèt ki omwen 100 Mbps, ak 25 Mbps nan majorite zòn riral yo. Apre ekzekisyon angajman yo te anonse nan kad Nouvo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès nan New York, 99.9 pousan moun New York pral gen aksè a entènèt a gwo vitès ak prèske 99 pousan ak vitès 100 Mbps oubyen pi plis. An akò ak priyòrizasyon Pwogram lan pou zòn ki san sèvis yo, nan fon yo deplwaye pou entènèt a gwo vitès, prèske 90 pousan nan tout finansman an yo te atribye yo a pwojè ki pral adrese zòn nan eta ki san sèvis, y'ap konekte zòn sa yo pou premye fwa.

Atravè Etap I, II ak III, Biwo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès la kounye a te finanse yon total 122 pwojè atravè patenarya piblik/prive ak 34 konpayi diferan. Pwojè sa yo pral deplwaye entènèt a gwo vitès atravè nèf (9) Rejyon REDC, adrese zòn ki san sèvis ak zòn ki neglije nan chak konte nan rejyon nò tankou nan Long Island tou. An total, pwojè sa yo adrese plis pase 250,000 lokal epi yo pral deplwaye plis pase 33 796 kilomèt fib.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, “Nouvo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès nan New York la ap kreye yon Eta ki entè-konekte, sa ki pèmèt tout moun New York benefisye avantaj ekonomi 21yèm syèk la. Sibvansyon Etap III yo te anonse jodi a pral pote plizyè santèn milyon dola sou fòm investiman eta ak prive, pote aksè entènèt a gwo vitès bay biznis, lekòl ak kominote nan tout eta a”.

Komisyon Federal Kominikasyon

Nan Etap III, kèk pwojè ki finanse pral pwofite efè 170 milyon dola nan kad sipò adisyonèl nan men Fon federal pou Konekte Etazini (Connect America Fund, CAF). Finansman CAF sa yo, yo te [re-angaje](#) bay Eta New York la atravè FCC kòm konsekans efò Gouvènè Cuomo, Empire State Development, ak reprezantan nan kongrè Eta New York la. Yo te ka potansyèlman detounen fon federal sa yo bay lòt eta, men kounye a y'ap rete nan New York.

FCC te ofri fon CAF yo dirèkteman bay Verizon Communications an 2015 pou konekte lokalite ki san sèvis nan tout New York. Verizon Communications te refize pwopozisyon sipò sa a. Men, kòm konsekans inisyativ entènèt a gwo vitès Gouvènè Cuomo a plis patenarya Eta New York la ansanm ak FCC, Verizon Communications pral yon lòt fwa ankò deplwaye nouvo sèvis entènèt a gwo vitès nan zòn ki san sèvis nan eta a. Atravè pwosesis konpetitif Etap III nan Pwogram la, Verizon te resevwa 70.7 milyon dola kòm finansman eta a ak 12 milyon dola kòm sipò CAF pou adrese 15,515 lokalite atravè Rejyon Nò New York, sa enkli 4968 teritwa ki kalifye pou CAF. An total 12 konpayi pral resevwa plis pase 60 milyon kòm sipò CAF, pou adrese 47,676 lokalite.

New York sipòte patenarya piblik/privè ak founisè sèvis entènèt a gwo vitès ki gen tout tay, soti nan konpayi yon fanmi posede ak konpayi kab tribi yo posede, a koperativ elektrik a bi non-likratif, ak konpayi telefòn yo rekonèt nasyonalman.

Senatè Betty Little te deklare, “Mwen aplodi benefisyè Etap 3 nan Nouvo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès nan New York la epi mwen fyè pou m sipòte angajman Gouvènè a pou li pote aksè a entènèt a gwo vitès pou tout moun New York. Lè y’ap delivre zouti ki vital sa a bay biznis Rejyon Nò ak ouvri pòt sou ekonomi 21yèm syèk, n’ap solidifye relasyon atravè liy konte yo pandan y’ap amelyore pouvwa pou aprann ak achte sou Entènèt bay rezidan rejyon North Country”.

Manm Asanble Billy Jones te deklare, “Jounen jodi a, aksè a entènèt a gwo vitès se yon nesosite absoli. San koneksyon entènèt ki fyab, etidyan pap gen aksè a yon resous edikatif ki itil, biznis lokal yo pa kapab konekte ak kliyan epi fanmi k’ap travay di ap gen difikilte pou jwenn enfòmasyon vital ki ka rann lavi yo pi fasil. Sibvansyon sa yo pral transfòme fason gason ak fanm fè biznis, pandan l’ap ede edike rezidan ki pi jèn nou yo nan zòn ki pi andeyò nan eta a. Mwen remèsye administrasyon sa a pou ekzekisyon pwogram sa a”.

Senator Joseph A. Griffo, Prezidan Komite sou Enèji ak Telekomunikasyon (Energy and Telecommunications Committee), te deklare, “Pou anpil kominote, biznis ak rezidan nan eta a, aksè a entènèt ki rapid ak bon kalite te vini yon nesosite, espesyalman nan tan kote nou jwenn tèt nou plizanpli entè-konekte ak depann sou teknoloji. Entènèt a gwo vitès enpòtan pou objektif edikatif, ekonomik, soyal ak lòt objektif, se pou rezon sa a li enpòtan pou nou kontinye amelyore enfrastrikti entènèt a gwo vitès nan eta nou an”.

Manm asanble Amy Paulin, Prezidan Komite Asanble sou Kòporasyon yo, Otorite ak Komisyon yo (Assembly Committee on Corporations, Authorities and Commissions), te deklare: “Elaji aksè a entènèt a gwo vitès te rete yon premye priyorite nan administrasyon sa a depi premye jou a epi mwen aplodi efò Gouvènèa pou ekzekite pwogram transfòmatif sa a. Investisman sa yo se yon etap enpòtan nan ede ekzekite pwojè sa yo, ofri entènèt a gwo vitès bay rezidan nan tout eta a, ak ranfòse klima ekonomik jeneral New York la”.

Vis-Prezidan Devlopman Biznis ak Kominote nan Frontier Communications, Kevin Smith (jiska prezan yo resevwa 43 milyon dola: Rejyon Kapital, New York Santral, Finger Lakes, Mohawk Valley, Mid-Hudson, North Country, Southern Tier, Rejyon Lwès New York), te deklare, “Opòtinite edikatif ak ekonomik konsiderab k’ap vini ak

koneksyon entènèt a gwo vitès rete enpòtan pou fiti New York, ak Frontier. Nou kontan pou nou asosye ak eta New York la pou kontinye pou elaji disponiblite entènèt a gwo vitès ak amelyore vitès yo. Misyon nou se pou nou rete yon patnè a lon tèm pou rann New York lidè nan deplwaye entènèt a gwo vitès ak pote benefis ki asosye bay sitwayen yo”.

Vis Prezidan Afè Eta Gouvènman nan Verizon Communications pou Rejyon Tri-State, Leecia Eve, te deklare, “Nou aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li nan etabli pwogram ki pi solid nan domèn entènèt a gwo vitès nan kèlkeswa eta nan nasyon nou an. Nan Verizon, nou pa rete tann fiti a, nou konstwi li. Patenarya istorik sa a pral elaji aksè a entènèt a gwo vitès bay plizyè milye moun New York epi li pral konekte kominote nou yo pi byen. Se mendèv nou ki byen fòme epi ki byen peye ki pral fè travay sa a epi sa pral pèmèt tout Eta New York pou li pi byen fè konkirans nan ekonomi global la”.

Prezidan Middleburgh Telephone Company (MIDTEL), Jim Becker (14.7 milyon dola yo te ba li jiskaprezan, Rejyon Kapital, Mohawk Valley), “MIDTEL fyè pou li travay ak Biwo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès NYS (NYS Broadband Program Office) pou li pote enfrastrikti entènèt a gwo vitès ki si nesèsè nan zòn riral yo. San Nouvo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès nan New York la ansanm ak Gouvènè Cuomo ki rekonèt defi ekonomik deplwaman entènèt a gwo vitès reprezante nan zòn riral yo, aksè a entènèt a gwo vitès nan eta a pa tap vyab ekonomikman. San lidèchip Gouvènè a nan kesyon sa a, zòn riral sa yo tap rete san koneksyon”.

Vis-Prezidan Politik Regilatwa ak Entèkoneksyon nan Armstrong Telecommunications Shawn Beqaj (yo te resevwa 83.8 milyon dola jiskaprezan, Finger Lakes, Southern Tier, Rejyon Lwès New York) te deklare, “Kle nan siksè konsiderab Nouvo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès nan New York Gouvènè Cuomo a se estrikti efikas ak elegan pwogram sa a. Se fyète Armstrong pou li vini patnè ak Eta New York, pou li ofri ekspètiz operasyonèl nesèsè pou elaji plizyè kilomèt enfrastrikti fib optik bay plis pase 27,000 kay nan sèt (7) konte”.

Vis-Prezidan Ekzekitif Inovasyon ak Entènèt a Gwo Vitès nan Empire State Development Jeffrey Nordhaus te deklare, “Biwo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès la felisite gayan nan Etap III nan Nouvo Pwogram Entènèt a Gwo Vitès nan New York. Nou fyè pou patenarya piblik-prive ki kreye yo epi nou enpasyon pou nou travay ak benefisyè sibvansyon yo pou nou rapidman ekzekite sibvansyon sa yo pou reyalize nivo ki antèt nan nasyon an nan kesyon nivo disponiblite entènèt a gwo vitès pou tout moun New York”.

###